datan mokal lamunta minangka sambeting carita nenggih punika ta kang winastan padhukuhaning Karang Kadhempel, ingih winastan padhukuhan Karang Tumaritis ya sinebat Padukuhan Klampis Ireng. Ingkang pantes dadia pambuka purwaning carita. Punapa ta sababe winastan padhukuhan Karang Kadempel? Katitik kasinungan bumi ingkang subur, sugih, wulu pawetu, pala gumandhul, pala kasimpar, pala kapendhem, kelawan palawija satemah anggesangi marang janma sadhusun. Dene winastan padhukuhan Karang Tumaritis karena kehing toya pancuran kang tinalangan wijil saking sendhang kalawan tloga, dene winastan padhukuhaning Klampis Ireng sebab tengahing padukuhan tinengeran ing klampis ingkang warni cemeng dhasare mapan miring meh winarata waradin winangun padhukuhan kang wijang marga-marga manghayat minggahing haldaka kaya wis winangun dhateng sang Ki lurah kang dadia pamong agung kaloka jimat ingkang bisa ngucap pusaka kang bisa kandha. Winastan sang Kyayi Semar Badranaya buja dudha ganti manang munung Janggan Smarasanta, Juga Dyah, Suraprasanta inggih Sang Kyayi Semar Nayantaka. Sawetawis lenggah sang Nayantaka wonten madyaning bale wisma den adhep dening putra ketiga inggih Nala Gareng, Petruk sumawana Bagong. Dadio kagyat jroning wardaya putra ketiga katimbangan marak ana ngarsane sang Nayantaka, dadya tuwuh tanda pitakon jroning wardaya nenggih Gareng, Petruk, lan Bagong, tanggap sasmitaning wardaya sang Nayantaka mesem jroning wardaya dupi putra ketiga katingal lenggah tumungkul hamarikelu yayah konjem pratala mukane daya-daya enggal paring pangandika

*mangkono wijiling pangandika sang Nayantaka tumanduk
dateng putra tiga ingkang dereng kawiyosing lesan.*

Suluk

*O.. O.. dhuh sotyaningsun Gusti welasa dasih kaswasih
Margiyuh lara hasmara
rangu-rangu gung mangarang E..
dyah paringa husada
Nak angger jiwa kawula O..
nglipur ngripteng lukita
sinawung langen kusuma E..*

Suluk pathet nem ageng

*Kang kadi sudhomo Gusti,
Sasangka kasongan surya O..
prabanya sumungsum kaswa O..
laras ruming sari-sari
samiyo manuksming sarira
sunar manira subranta O..
hujwalane sumuwu narbuka candra kusuma yekti
kegadhangan O.. O.. E.. O..*

Semar : “haeh .. haeh mbegegeg ugeg-ugeg
sakdulito hemel-hemel lae .. lae .. thole ..
anakku Nala Gareng ..”

Gareng : Kula timbalan ingkang adhawuh rama,
nimbali ingkang putra kula pun
Cakrawangsa inggih pun Nala Wigareng,
inggih ingkang putra kula pun Harya
Penangsang

- Semar : Kowe tak timbali ana ngarepku aja kaget jroning rasaning atimu yo thole .. Nala Gareng
- Gareng : Kawula nok non nuwun inggih rama, gurawalan anggen kula tapi dawuh timbalanipun kanjeng rama Semar, kumejot carup kalian maras raosing manah, ewo semanten dupi sampun marak ngabiyantara wonten ngarsanipun rama Semar panyayah mboten wonten raos was, sumelang lan kuwatir kula nok non nuwun nuninggih ..
- Semar : E e ya sukur bage sewu ya thole .. semono nggonmu njunjung kawibawane pun bapa, ya bapakmu Semar sing kaya aku iki thole, satemene ora ana kaluputan marang sira kulup anakku Nala Gareng, sinaosa kowe ki ana pidana pati kaya ngumandek nggon lara ewadene yen ta nampa pidana lara kaya-kaya iseh ana pangapura saka bapakmu Lurah Semar sing kaya aku, thole .. Nala Gareng
- Gareng : Wadududuh .. kanjeng rama Semar, rumaos bombong raosing manah kula dene semanten caketing raos kanjeng rama Semar tumanduk dhateng ingkang putra kula pun Cakrawangsa, ewa semanten kanjeng rama sak sampunipun kula marak ngabiantara ngangklungaken jangga nilingaken karna, tadhahing hasta, ingkang jemari sedasa kula antebaken dados sajuga nampi dhawuhipun rama Semar, mila

menawi wonten pangandikan sampun ngantos ngangge wekdal sakniki menapa mbenjang tahun ngajeng, cekap meniko pepanggiha enggal paringa dawuh sebab menawi mboten enggal dipunparingaken dhawuh, kula menika nduwe penyakit lali

Semar : Eee sukur thole .. yen pancen menkono tak jaluk dina iki selehna rasamu, weningno ciptamu, aja nganti tumpang suh nggonmu nampa dhawuhku iki mengko

Gareng : Kawula inggih kanjeng rama, ngestoaken dawuh, tumanduk marang para kadang-kadang insung kang padha lenggah ing wingking tumuli padha ndereka marang pun kakang, nilingake karna, nganglungake jangga, bapak bakal paring pangandika thole .. adhiku, yayi .. Petruk ..

Petruk : Ee .. lagek iki gareng isoh runtut. Oinggih kakang mas, keng rayi sedyo hanampi dhawuhipun bapa pamong agung saking karang kadempel kawula nuninggih rama Semar, sampunta ngagem wigih ringa-ringa punapa ta ingkang dados legetaning manah tuwin batosipun rama kababaring pangandikan ingkang putra kula pun Kanthong Bolong ingkeng sumedya badhe anindakaken pakaryan. Kula noknon .. nuwun inggih .. lhoo... kowe runtut aku ya runtut iki. Mung karek Bagong iki.

Bagong : Runtut karo ora ki gumantung karep kok. Tiwas diruntutna karo planning karo

rencana nek ora enek ulek uwek ora o boss

..

Petruk : Lo lek wes sida emosi ta Bagong ..

Bagong : Runtut karo ora ki mung karek sing eneng ngarep.

Gareng : Lha aku kurang runtut apa le .. wes tak contoni, tak tuladhani, le matur ki ya tak genep-genepke tata krama tak enggo, kurang kepiye le dadi pangarep ki coba, tak ati-ati aku ki

Petruk : Aku yo semono uga kok Reng. Aku ngrumangsani yen nduwe panutan kakangku ingkang tak tuladha, sapa ta ra kenal karo Gareng? sapa ta ra ngerti karo Nala Gareng? Sapa ra tepung karo Semar? Sapa ra ngerti kondhange Nayantaka? Apa ra ngerti kodhange adine Gareng? Mangka nyatane Petruk kondhang kaloka, Gareng kuncareng bawana, Semar kondhang kaloka ngideri bawana.

Bagong : Heleh .. umuka kondhang, ya tetep jeneng ki wes ora kanggo saiki. Kaya aku ya tetep jenang, jeneng ki nggo abrak apa? pokoke yo wes jenang kui thik

Gareng : Wes aja manut Bagong, Bagong sajake rada sulaya karo awake dhewe

Bagong : Sulaya no, janjine ki nelungpuluh kok tiba mung limalas, aku ndekna ya tak pilih lo, gobloku nek kono kui lo ..

Petruk : Rama ..

Semar : Eeehh .. Petruk apa?

- Petruk : Nyuwun pangapunten kaladukupun atur adhikula Bagong
- Semar : Eee wes ora apa ngger .. sebab wong sakiki arep muni apa wae kena, sing baku muni mau yen apik-apik ya rungokna, yen ora bener aja kok rungokno, mergo muni sak geleme di paringi kamardikan apik, elek, bejo, cilaka, mujur, apa kojur gumantung kelawan kang pada muni
- Bagong : Krungu kupingmu? Anane aku muni ngene iki ora kok aku sulaya karo kowe, kowe, lan sampeyan. Disinilah letak keadilan orang yang diberikan kemerdekaan untuk berbicara apapun, mau silahkan mendengarkan, tidak mau silahkan tidur. Ndunya ki nek isine wong apik kabeh, orasah ndadak ngetokake menungsa, malaikat we diciptake. Anane kowe ki dadi wong bener aku dadi wong elek kui tetimbangan. Tetimbangan ana ndonya ki mung loro kui, enek apik enek elek. Kowe arep dadi wong apik gusti Allah ngidzini paring ridlo, sak anak turunmu bakal diwibawakake, dipercaya. Akeh ridlane Gusti Allah tinampa sebab kowe ndeder apik, ndidik nyang kabecikan, ndidik marang kemaslahatan, didik kelawan kabecikan. Sek nampa ora mung anakmu dewe, anakmu ya entuk barokah, negaramu saya entuk berkah. Ning nek kowe ndidik sing ora apik, ya aja disalahke Gareng, Petruk utamane aku, aja

tok salahke, wong pada diwenehi kamardikan, pada diwenehi suwara, pada diparingi kamardikan kon goleki dewe-dewe. Lha beja apa cilaka, kepenak apa mujur aja nyalahke Gareng, Petruk lan Semar apa dene aku, kui tandurane dewe-dewe. Seket, telungpuluh aku tak trimo, limalas we ya orapapa

Semar : Eeehhh jebul anakku kok yo wes pada pinter, pinter itungan. Ning kleru mrucut saka gendongan, luput saka pangudangan. Jane kowe tak kon pinter ki ora pinter ngetung, ning pintero maca, sebab ana nnggon piwulang agama sing tak rasuki iqra' (maca). Wong maca kui ora maca bab tulisan, ning nadyan ta bodho, ning isa maca marang kahanan kui kalebu wong wasiat sing pinter, mergo ngango ilmu titen. Bodho ra titen, saya ra kajen. Pinter ora titen, kui kalebu bodho. Ora ngerti tulis, iman taqwane ilkhass gedhe ora gampang ditumpaki dening sapa wae merga pendiriane kuat, isa milahke marang kahanan, isa maca endi kang tumuju marang bebener endi tumuju marang kerusakan. Kui ditimbang ora saka wong liya, ning metu saka udine dewe

Petruk : (mbalik marep bagong)

Bagong : Ra sah mulang, kowe arep ngapa? Kowe arep nyalahke aku? Aja kok salahke, wong aku butuh kok

- Petruk : Ya wes
- Bagong : Ra sah ndadak mulang, kowe hiya kok, ndadak mulang. Malah akeh kowe, kowe rapat genah nek mesti satus ewu, satus ping wolu, lo wes wolungatus
- Semar : Thole .. iki kowe sebabe apa tetelune pada tak timbali, arep tak jak bawa rasa, sebab wong urip kui kudu pinter maca, kajaba maca tulis ning maca marang suasana, maca marang kahanan, sebab ngelingana ngger .. menungsa kui nek wasis maca, ndelalah pinter micara tur wicaksana, iki aja mikir perkara ketrima lo, merga wong ketrimo ki ora eno dimareke marang sapa wae
- Bagong : Ki arep tak komplèn nggon kene iki, terutama kowe Reng, bapak paring dawuh isa maca, isa micara tur wicaksana, lambarane agama, kui nuwun sewu durung karuan yen ketrima, lha iki, mula trimane menungsa iku gumantung kahanan, kowe trimo semono ya karepmu semono ya karepmu, aja sok nyeneni wong lagi ketrima kaya aku, kowe ngerti ora werdine limalas?
- Gareng : Limalas ki apa?
- Bagong : Lillahi ta'ala sing Maha Agung paring welas, kui limalas lhoo. Lila uripe awake dewe ngawula karo kawula, ngawula karo negara, gedhene ngawula karo agama, Insya Allah nadyan ta mrucut ndonya ning akhirate .. lo kui. Ma .. Maha Agung, Gusti Allah ora sare, nyatheti tumindak lan pakertine menungsa

dewe-dewe, jujur apa goroh, bener apa cidra, kui tandurane dewe-dewe. Iki kowe seneng nek suk ngelingono bakale ora seneng, lo iki .. iki seneng suk bakale ora seneng, iki ora seneng Insya Allah nek tekun lillahi ta'ala tembe mburine bakal seneng. Kui uripe mung ngana kui. Lha ndelalah kowe sakiki lagek seneng, mergo entuk seket.

Petruk : Emm lambemu ..

Bagong : Iki ayo dionceki, bapak kimau paring dawuh, Maha Agung, gusti Allah ora sare, nyatheti tumindak pakertine dewe-dewe jenenge hukum karma. Hukum karama tidak berselang waktu lama, tergantung daripada perbuatan manusia itu sendiri. Wes ora kok sing nampa hukum karma, dalang, niyaga sak pesinden, klebu lurah sak penduwurane, lek kleru tumindak lan pakertine kabeh menungsa pada ngakoni karmane dewe-dewe. Gampang lo iku, mula tandurane dek wingi apa? Suk mben ora ngunduh, ning anak putumu sing bakal ngundhuh. Loo ..merga jenenge alam ki hukume sebab karo akibat. Menungsa iseh kedhunungan huswa utawa ambegan ki hukume sebab-akibat, mula bener ngendhikane bapak wakil bupati "luwih jejer komunikasi wong mati timbang wong urip" mergo wong mati ora iso goroh, wong urip iso goroh, entuk ngomong ora entuk, seneng tibane ora seneng, dijagagke

ngoyo-ooyo,.. mlothot. Mangka derajat lan pangkat kui nuwun sewu, mung titipan, ibarat mung sampiran, sak mangsa-mangsa wis ora disampiri awake dewe bali kaya kawula. Ka .. kaweruh, wu .. wulangan, la.. ki kudu legawa. Dadi kawula ki ngertio kawruh kanggo wulangan sing kanthi legawa. Diwulang ki kawula utawa abdi, mula dasare abdi ki ora tau sugih, lurah ora tau sugih, merga kawula.

Petruk : Kawula

Bagong : Kawula, mula bener ngendkane pak Sudir, “wong ndeso ki ra tau bakal sugih, Cah Ndeso !!”

Petruk : Ooo ngana ..

Bagong : Iyo. Pinter lan orane, maju lan orane ndeso gumantung karo panjenengane iki (nunjuk Semar), iki bodo awake dewe melu bodo, iki mlarat awake dewe saya kesrakat. Mangka lurah sakiki ki umure mung 6 tahun paling pol. Wes ora ana lurah sugih ki ora enek, wes ora panen, ora enek le mikir, sumbangane ntrinthal saben ndino, wes ketoke entuk undak-undakan rong atus seket ki nek sumbangane sepuluh desa, apa ora pekewuh wong lurah nyumbang selawe. mangka le weweh we ingkung utawa gedhang rong lirang paribasane, apa mentala niku minimki satus, wes ta .. tipis-tipis rata

Petruk : Ee bagong ki yo nduwe penemu

- Bagong : Mula aja sok nggendak gunaning janma
- Semar : Ee yo tole .. mula iki tak jaluk, kowe padha tak timbali ana tembung sing wigati ngger .. aku nduwe perlu karo kowe tak jak rembugan, tokno panemumu sing baku, aja nganti gawe rasa tatu, sing tak jak rembugan ya mung kowe kui thole .. amarga sepisan, kowe anakku. Kaping pindhho, kowe sak ora-orane ya melu tanggung jawab supaya aku bisa kasembada
- Gareng : Ya .. tetep tak tanggung ma .. bapak nduwe kridha apa? Bapak nduwe kekarepan apa? Anakmu lanang Cakrawangsa siyaga mbantu ma .. bapak kepengin apa? Paring pangandika, aku tetep bakal tumindak sak kuatku ma ..
- Patruk : Ra sah ndadak wigih ringa-ringa pak, aku entuk bagian apa? Hanek mung masang baliho, iku panggaweanku saben ndina
- Bagong : Kowe ki kok rumangsaku, kok da umukmu ki gedhi-gedhi men ta ..urip-uripmu ki ra tata, rakuat arep nanggung bapak ki ketemu pirang perkara? Aku ya meleng karo kowe pak, nduwe karep kudu nduwe jejeging kahananmu, nek mung karep tok, sakiki wes ra payu. Kowe ngerti ra? Bumbu masak sing paling kondang jenenge reko
- Gareng : Wes omong eru, salah
- Petruk : Waahh la yo kui, angger wes nganggo pokoke ki wes payah

- Bagong : Mangka kui ki jenenge kaldu. Kaldu mung kari nonton, kaldune ki ayam, kambing, apa sapi. Wes, mangka kaldu ki kalah duwit kowe nek mung nduwe karep tok aja ma ..aja. kowe arep nduwe kecarepan gedhe kibiayane gedhe. Bapak wakil bupati wes paring dawuh, pak Sudir wes paring panglimbang-limbang, klebu aku iki sing kurban ma .. mula sak iki ya pak, mula durung kelakon kecarepanmu, itungen lan ukuren klambimu ki sepiro? Nek mung ukuran S karo M luwung aja mangkat, mergo iki lek ra double LLL, bosok .. bosok .. mula sak durunge kowe mlebu nyang Mangun Jayan, mumpung kowe durung diperiksa karo dokter jiwa, mula ukuren sek, nek kiro-kiro kowe ki mung M, kok ngerti huruf M ki apa? miskin. S ki mung sedeng, lha nek X tumpungane LLL kui luar batas dari luar biaya, wes mula saka iku, kowe aja tok teruske nduwe kecarepanmu kui ..wassalam
- Semar : Kowe aja kleru tanpa thole .. aku iki nduwe kecarepan mbangun kayangan
- Gareng : Aaduuuh ma ..rumangsa seneng aku pak, ing atase mung sak derajate lurah kowe nduwe ada-ada mbangun kayangan, waduduuuuhh hebat ma .. arang-arang nduwe kecarepan kaya ngana kui, aku setuju, sangat mendukung, wes kowe njaluk dukungan piro? Tanggung jawab anakmu Gareng

- Petruk ; Aku ya ngana ma .. sak ora-orane aku ki anakmu lanang sek jenenge Petruk. Aku melu seneng bapak nduwe kekarepan kang mankono, sebab jenenge lurah nduwe greget lan semangat mbangun kelawan kahanan, mbangun kelawan kayangan, wuuuhh .. pinunjul semedaring dumadi, bakal kunjana kondang kaloka asmane bapak Semar, kui arang-arang lurah nduwe kekarepan mbangun kayangan
- Bagong : Bosok .. iki kowe nduwe kekarepan saya gedhe aku malah, wetengku ki kaya piyee ngana lo rasane ki, kowe kok nduwe kekarepan mbangun kayangan ki, adududuuhh ... lha kowe ki utang bank kredit we hurung rampung kok, lha iki reng, bapakmu ki elekna, mengko ndak kaya sing wes mlebu net tv lo
- Petruk : Lha piye?
- Bagong : Sakit paling rendah ki stress. ping pindhho, nuwun sewu, ora muleh. Ping telu, ngendat tali murda alias bunuh diri. Pak .. kowe yen nggugu aku aja tok teruske kekarepanmu kui, nalar logika ora bakal katekan sedyane bapak, sebab urip nek jaman sakiki ora mung ngenggoni berjuang. Kowe mudeng ora tembung berjuang? Berjuang kui, beras, baju, dan uang
- Petruk : Waah ketoke clohak-clohak ning yo mletik iki

- Gareng : Ora ngana kok, iki jane ngaderi sapa bagong ki?
- Bagong : Nek istilah jaman simbah mbiyen, berjuang lillahi ta'ala tanpa petung, ning nek sakiki berjuang wes bergeser, berjuang kui beras.. baju karo uang. Wassalam
- Petruk : Ora ngana kok, bagong yo titismen horok
- Gareng : Ning tetep ma .. tetep sing kinaya ngapa nek bapak nduwe kekarepan mbangun kayangan, aku saguh dadi tim sukses
- Petruk : Aku yo semono uga saguh ma .. bagian ngendi bakal tak tindakake
- Bagong : Halah .. sing sukses malah timme. Timme sing sukses, jagone tetep rumah sakit-rumah sakit. Lha nek aku mono sak kekuatanku, enek yo dikeki, ora enek ya matur nuwun. Wes ma ..timbang kowe ngko bosok mlebu rumah sakit, ora wurung sing nanggung anak-anakmu, lho tanggaku ngengkleng sak yaene

Greget saut nem

*Tan samar pamoring sukma
Sinuksma ya winahya ing ngasepi
sinimpen telenging kalbu
pambukaning warana O..*

(srepeg lasem, laras slendro pathet nem)

Dayuan

(Prabu Puntadewa, Prabu Kresna, lan Setyaki)

Srepeg lasem kawalik ayak-ayak slendro nem

Kumbangan

*Leng leng ing driya mangu-mangu
mangungkung kandhuwan rimang
lir lena tanpa kangin,
yen tan tulusa*

Kumbangan

*O.. myat langening kalanggyan
Anglar pandam muncar
Tinon lir kekonang O.. E..*

Ada-ada nem jugag

*Remeng remu soroting Hyang Pratangga pati
himawang seta nawengi O..
Arenggyaning haldaka
manampak humiring O..
Maweh sreping sarira O.. E.. O.. E.. O..*

Semar : Ee eh pan yayah nampa wahyuning jagad
nugrahaning dewa sing tak tampa.
Karang Kadhempel karawuhan priyagung
luhur ingkang wus kondhang
kalokengrat, sinuwun Prabu Puntadewa
raharja rawuhipun wonten ing sudhung
kula den ..

- Prabu Puntadewa : Iya-iya kakang Semar, lulus raharja sowanku niskala manggih yuwana antuk pandonga pamujining kakang Nayantaka. Ora kliwat aku uga ngaturake ta'limku kunjug marang kakangku Semar Badranaya
- Semar : Inggih, sampun kula tampi den .. dipun sekecakaken anggenipun pinarak lenggah
- Prabu Kresna : Kakang Semar katon prayoga?
- Semar : Sinuwun Prabu Sri Bathara resna sami raharja?
- Prabu Kresna : Iya-iya kakang, lulus raharjo sowanku niskala manggih yuwana kakang Semar
- Semar : Inggih, dipun sekecakaken anggenipun pinarak lenggah
- Prabu Kresna : Iyo-iyo kakang Semar, wes kaya katon prayoga nggonku pinarak ana ngarsane kakang Nayantaka
- Gareng : Waduh truk, iki njanur gunung, kadingaren bapak kerawuhan dewa tenan truk. Arang-arang lo kelurahahan kok dirawuhi sinuwun Puntadewa karo sinuwun Nduwarawati ki arang-arang
- Petruk : Waah, ning yo ketrima bapak le dadi lurah anyaran, ing atase kelurahan ki nek kerawuhan priyagung luhur ki awake dewe tata-tata paling minim nge-cat pager, paling minim resik-resik kiwa tengene plataran bale desa. Wah .. jan

kewahyon pak panjenengan dadi lurah dirawuhi priyagung luhur

- Bagong : Heleh, Nek aku yo malah ora
- Gareng : Lha piye kok?
- Bagong : Halah iki ora wurung wes arep golek tim sukses meneh iki, ora wurung arep pilpres iki, bar dipilih trus di peres
- Petruk : Kowe ki nek omong kok mesti suloyo lo
- Bagong : Lho, kudu enek sing ngana, apa kon dlujur terus. Kapan pintermu lek ora tak gesehi iki
- Gareng : Sajake kok lehmu tombok kok kakehan to gong
- Bagong : Ora kakehan piye? Wong wes nyelehke pit motor loro e, jagake ngoyo-oyo kok mrucut
- Semar : Janur gunung kadingaren, sinuwn Prabu Puntadewa rawuh wonten sudung kula, pidana menapa ingkang badhe kula sandhang, kula siyaga badhe nglampahi den
- Bagong : Wah iki wes genah, arep nakoke genahe piye iki, wes nek do nggugu aku, kowe do pasraho ee .. mergo aku wes nganggo garis bawah utawa mendasari pangandikane Pak Sudir mau, Ketua Praja Nusantara, wes ngango undang-undang sing kowe do ngrungoke ora? wes, mangka kowe siji, ra entuk politik, loro ..

Halah gareng, tak anu wes ra mudengke, kui seket ki wes amplem ngana kui, karo sing limalas lek ora golek samperan dewe, wes ora

Prabu Puntadewa : Kakang Semar, apa ta wigatine aku sowan mreng kakang? Sepisan, tilik kahayuwangane kakang Semar Badranaya. Inggang kaping pindho, kepengin nyarawidekake marang murcane adhiku Janaka inggang lunga tanpa karana. Dene genep kaping telu kakang Semar, ana luputku lan para kadang Pandawa nalika kakang Semar sowan ana negara Ngamarta saperlu arep nyuwun ngampil wujuding pustaka Kalimasada Payung Tunggulnaga kakang, tetela aku iki durung bisa ngaturi katerangan kang cetho, sebab sak pungkure kakang Semar Badranaya, aku uga tanpa duta saka negara Astina, inggang perlu lan wigatine tanpa bedha kakang Semar, nyuwun ngampil pusaka Kraton Amarta loro cacahé, wujuding Kalimasada Payung Tunggulnaga kakang Nayantaka

Sampak laras slendro pathet nem

Ada-ada greget saut nem

Bumi gonjang ganjing langit kelop-kelop katon
lir ginjanging risang maweh gandrung
sabarang kadulu wukir moyag mayig O..

- Semar : Sinuwun, kula sanget ngaturaken penuwun semanten anggenipun Prabu Puntadewa, sepisan njunjung dateng derajate kula, nadyan ta mung drajate lurah, drajate wong kere, drajate wong ora nduwe, dipun rawuhi priyagung luhur niku mpun kewahyon tumprapi pun Semar. Bela lan cuwa dene kula mboten ngertos menawi paduka kekalih badhe rawuh wonten sudung kula wonten balai dusun kula, umpami kula ngertos badhe kula panembrama sak wontene lan sak kiyatan kula sinuwun, niku gelo lan kuciwa kula
- Petruk : Lo Reng, piyayi kuno ki ngene iki, diturun. Ndah kaya ngapa senenge bapak dirawuhi kalawan ratu gung binatara, kaya diunggahke drajate
- Bagong : Lek gareng ki ora, angger ditekani calegke ngana terus kaget. Piye kok ora metu ki, jane cangkemu muni ora?
- petruk : Ngko tak patak watu kowe ngko,
- Bagong : kudune nggone bagong ki papatlima kok mung metu limalas, titenono mangan duwite balamu, lara metengmu, nek

Gareng wes ora lara, wong ndableg kok reng

Semar : Kula matur nuwun, ingkang angka kalih, ndika paring dawuh menawi ndara kula Janaka jengkar saka kesatriyan Madukara den.. bares kares blakotang teru terang tanpa tedeng aling-aling mboten aling-aling tedeng.rayi Janakn niku mpun sawetara pisah kaleh kula, mpun pinten-pinten sasi mboten kumpul kaleh kula

Gareng : Sebabe apa ya truk? Kok kayane bapak karo ndara kok rada renggang

Petruk : Eeh.. mangka nek tindak ki biasane mesti bareng lo, sebabe apa ya reng?

Gareng : Waduh aku ora ngerti

Bagong : Nek ora ngerti, takono karo sing ngerti!

Petruk : Lha sing ngerti sapa?

Bagong : Lha aku iki ..

Petruk : Duuh .. lha kok kowe ngerti sebabe apa bapak karo ndara Janaka kok renggang?

Bagong : Amarga beda pilihane, mudeng?! mudeng?! kowe nek ngerti ki aja muni etok-etok ra ngerti, tak dupak dewe lo truk. Sebabe apa ndara kok ra bareng bapak Semar ki gara-gara ya ta, ndara kui ora ndukung karo bapak, bapak rumangsa kecewa ditutke pirang-pirang tahun, perjanjiane sak mangsa-mangsa isa munggah, kudune ngana kui, lhaa, ndealah yo kui

Petruk : Kui kepiye?

Bagong : Ora wani aku
Petruk : Kudu wani, wong wes muni kok
Bagong : Ya kui mau, beda pilihane, ya ta? Kudune ndara Janaka kui mau ngayomi bapak, ndelalah luput, ndara Janaka lali
Semar : (napuk bagong)
Bagong : Wassalam
Petruk : Apalane kok wassalam
Semar : Niku tanggung jawab kula, sinaosa ndara Janaka niku mpun nathoni ati kula, ibaratipun mpun misahaken teng kula, neing kula dewe nuwun sewu, kudu isoh naliti batin kula lepat kula napa? kleru kula napa? kula kudu nggoleki lek nganti ndaraku niku lara ati, ndara kula kok renggang kaleh kula
Petruk : Waah .. mangka ki kanca gulang-gulung. Neng ndi-ndi ki nek ora karo bapak ki nuwun sewu lo, bapak ki muleh we digoleki, sak jam ora ketok mesti di sms, kamu dimana? Lho coba
Gareng : Ha iya-iya
Bagong : Kandani kok, nek wes ngana kui nek beda pilihan ki arepo sedulur ki tetep kaya wong liya, aja meneh kok kanca rombongan, ketoke patang puluh e alah bosok-bosok, ketoke putih-putih ngene iki, durung karuan nek do melu putih, soyo le nge-gong kae, halah-halah, kacek sepuluh ya minggat, kae ya bajirut kok kae, lurah nge-gong wes ra iso di percaya. Ya ngana kok

dadi RT. Wes titenono lo le nge-gong, mangan duwite wong sak RT lo, busung mboh pokoke

Semar : Kula saguh nggoleki lungane ndara kula Janaka, ewadene kula nyuwun ngampil pustaka Kalimasada Payung Tunggalnaga wonten ingkang regon-regoni lampah kula den, niku mpun dadi sangune wong golek gegayuhan luhur. nggayuh elek enten sandungane, nggayuh apik napa melih, niku kudu ikhlas lan tawakal, ora kena digawe rosa utawa sora, ora kena digawe nesu utawa napsu, manggon teng panarimo, niki kula nerima mbok menawa mbenjang sing arep teka, kula dipun paringi langkung-langkung katah dateng ingkang sampun tinampi wekdal punika

Gareng : Lho, kui wong nek nduwe iman, ngana kui

Petruk : Wah iyo percaya kakekne iki aku

Bagong : Heleh, delo ngkas, iman apa? Iki lagek limang dina, mengko nek wes kliwat sesasi ki enek tagihan ma, menika kaosipun kirang sedasa yuta, balihone kurang karo tengah yuta

Petruk : Ooo tak suwek cangkemu lo

Semar : Kula saguh den, kula mboten gela, mboten kuciwa, kula manjing teng panarima mawon

Pocapan

Geger njawi

Sampak laras slendro pathet nem

Dayuan

(Begawan Durna lan Paman Paman Sengkuni)

- Petruk : Dayoh meneh iki?
- Gareng : Wes pokoke iki arep ngancik juni-juli ki dukun-dukun ki laris iki, ki suk mben le dadi Bagong
- Bagong : Aahh, wes ra usah dadi aku, tak pindah enggon, amor Paman Sengkuni sing ijek rodok kandel kantongane, ketoke apik-apik ning pelit-pelit kabeh, amor Paman Sengkuni kui, ya ni ya ..
- Paman Sengkuni : Iya-ya Bagong, iki kau ndereke kakang robaya sokalima
- Bagong : Haiyo, piye kabarmu? Ya bosok kowe yoan?
- Petruk : Gong, iki ki patih, rangka ndalem, diajeni ning negara Astina, lha kok sajak kok padake kaya kancamu ki
- Bagong : Halah, wong kui yo kader kok wingi. Kowe entuk pitulima ni?
- Semar : Aeh aeh iki ora pangling, kaya Begawan Durna
- Durna : Kakang Semar, aku Durna ingkang sowan
- Semar : Wilujeng sak rawuhmu
- Durna : Lulus raharjo sowanku niskala manggih yuwana
- Prabu : Rama panemban sami wilujeng?
- Puntadewa

Durna : Kula wilujeng sinuwun Prabu Puntadewa, sampun tampi raharjo niskala prapta kula

Prabu : Paman Durna sami raharjo?

Kresna

Durna : Sinuwun Prabu Bathara Kresna, wilujeng sowan kula nok nok non

Petruk : Begawan Durna cetho ya Reng

Gareng : Lagek iki isoh cetho kok Truk

Bagong : Cetha no, wong deke wes cetho ngarep. Beda nek karo aku iki, sing wis ora cetho sak yahene, tombok pit motor BPKB wes ora dadi, bosok

Semar : Paman Sengkuni pada becik?

Paman : Iya-iyu kakang Semar, wilujeng sowanku

Sengkuni

Prabu : Paman Patih sami raharja?

Puntadewa

Paman : Inggih sinuwun Prabu Puntadewa, sampun kula tampi

Sengkuni

Prabu : Paman Sengkuni pada raharja

Kresna

Paman : Inggih sampun kula tampi

Sengkuni

Petruk : Kowe ra mbagegke reng?

Gareng : Ora, kyayi luhur kok dibageke kere ki apa gelem nampa?

Petruk : Yo aja sok rendahdiri, kabeh-kabeh ki pada umate karo seng gawe jagat

Gareng : Waah ora ana piyayi luhur berpangkat kok, aku ora drajat, ora sak taktakane

Petruk : Kowe mbagegke Gong?

Bagong : Geneh, apa ora krungu kupingmu? Iki mau ya ni

Petruk : Iya

Bagong : haiya, nggo rokok apa ora kowe ni? Lurahko ra tau udud

Durna : Kakang Semar ..

Semar : Eh Durna apa?

Durna : Ana luputku aku njaluk pangapura, sowanku mrenged kedawuhan sinuwun Prabu Duryudana, maneges marang kakang Semar. Sepisan, aku arep takon, apa bener kakang Semar arep mbangun kayangan?

Semar : Ee kapara nyata Durna

Durna : Catet Paman Sengkuni!

Bagong : Di cateti seng teko sapa, mengko dilaporke jago liya, dicateti lurahe mbah ki kecamatan Kartosuro piro? Lurahe

Petruk : Wah jan, Bagong ki pancen kurang ajar tenan kok, nyuwun pangapunten nggeh Raden Patih

Paman Sengkuni : Ora apa-apa Petruk. Aku seneng karo Bagong

Bagong : Kandani kok, kaya aku ki okeh le nyenengi, okeh wong ngekeki duwit, kowe nggowo rokok piro ni?

Durna : Kakang, yen kakang Semar mbangun kayangan dina iki, kakang Semar atur wenging anak Prabu Duryudana nduwe gegayuhan luhur tanpa beda kakang Semar. Sepisan, manut pawarta kang tak tampa binandhunging Karna, apa bener kakang

Semar bakal nyuwun ngampil Kalimasada
Payung Tunggulnaga marang negara Amarta
utameningsun Prabu Puntadewa

- Semar : Eee lha kok wes tekan ngendi-endi kabarku
Gareng : Waaah .. kakekne nduwe ada-ada ki
sumebyar
Petruk : Ee Kandani kok, lura ki lek nduwe apa sitik
ngana, waah rakyate kabeh do krungu. Lurah
napa sitik ngana, waduh wes .. wes ora mung
neng jero karang padesan, tipis ringing
gunung kabeh do krungu
Bagong : Mula lek lurah nduwe selingkuhan barang ki
do krungu rakyate
Petruk : Yo ra mung lurah, cangkemu barang kui Gong
Gareng : Lho kui titenono, mula jenenge pimpinan kui,
apa sitik lagak lagu lelagean kui mesti bakal
dipersani dening kabeh para kawula, mula
dadi pimpinan kui nuwun sewu, dinggo
tuladha, dinggo tepa palupi, bapak kudu
ngati-ati, bapak stik obah piye we, kabeh para
kawula do ngerti, ora mung Karang
Kadempel, nganti jabun rangkeh do krungu
Petruk : Lha iyo
Bagong : Lha iyo yo, lek aku ngene iki, kok do re enek
wong krungu yo reng ya.. reng
Gareng : Ra sudi .. mirang-mirangke aku kok
Bagong : Piye truk?
Petruk : Ora sudi, aku beda pilihan kok, pada-pada ora
masalah, urip dewe-dewe.
Durna : Yen nggugu aku kakang Semar, aja nganti tok
teruske anggonmu mbangun kayangan kui,

pada karo bakal gawe wirange kakang Semar, ora ngukur marang kahananmu, aku sowan mrene mung ngandake marang kakang Semar sebab aja nganti mbarung sinuwung jeneng anak Prabu Duryudana, abot tanggung jawabe, gedhe pidanane, drajatmu ki apa kakang Semar? Arep mbangun kayangan ki ragate ora sitik, ragate ake, pangorbanane pirang-pirang, ukuren drajatmu, mung sak drajate kere, kowe ki lurah, ora nduwe lungguh, uripmu kui mung njaluk bantuan masyarakatmu, lha kok agek ngana arep mbangun kayangan, wooo lole lole .. kowe ukuren semar, coba ta tahun wingi ping telu ora panen, kui padha wis cukup kanggo pralampitan ora iso apa-apa kowe, malah yen perlu kowe meluo Ngestino nyengkuyung anak Prabu Duryudana, batalna nggonmu mbangun kayangan, bareng kelawan Begawan Durna, apa panjalukmu tak turuti, aja mung kaos, waton kowe gelem berjuang

Bagong : Lha bener ra Truk? Kupingmu krungu ra? Durna lo, beda wilayah lo. Astina wes kondang berjuang, beras.. baju dan uang. Pokoke yo wong kaya aku ki pokoke “ola uwek uwek ola oblos”

Durna : Mula saka iku kakang Semar, aja mbok teruske, batalno, ngukura kelawan drajatmu, drajat kere e kok arep gumedhe kowe!

Sampak laras slendro pathet nem

Greget saut nem

Jaja muntap lir kinetap

ngembat watang rabasa mungsuh

kantaran bahu sayekti

dengalena prapteng lampus E..

Petruk : Iki lara, bojling-bojling iblis laknat pada jek-jekan. He.. enek dayoh ra di undang crewet neng ngarepan

Durna : Loh Petruk

Petruk : Ngerti jenengku Petruk! Purwa madya wusana, tembungmu kowe tekan ing ngarepe bapakku Semar menekara ra entuk undangan geneya nyabalak kaya dene manuk kang lagi ke kablak, ngasorke drajate wong tuaku, .. ee Durna!

Durna : Ee banter men ..

Bagong : Aja wedi. Tenang. selama kader utama masih dibelakang, tenang, Petruk ki banter mung suarane kok Durna, pokoke tetep tenang, kene tak kek i

Petruk : Kowe ngaolo-olou la marang bapakku Semar, Begawan Durna!

Durna : Apa?!

Petruk : Bapakku kere ora ngemis marang donyamu! Bapakku mlarat ora dadi sanggahing uripmu, geneo kok ngino marang bapakku Semar, aja ngentengke perkara bapakku lurah, mung bapakku ora nduwe drajat lan pangkat, kowe ngertio

negara tanpa lurah ora bakal dumadi
menyang negara sing becik, negara ora
ana wong loyal kaya derajate bapakku
Semar, oohh ora bakal rampungan, ra
nduwe jenneg kaya dapurmu kui Durna!
Kok le ngeder-ederne marang drajat
kelawan pangkatmu, kowe ki apa drajatmu
he?! Kowe nyang Astina kui nek ora enek
pitulungane ndaraku Pandawa hurung
karuan ditampa karo warga Astina. Owalah
Durna .. kaya ora ngerti sejarahmu,
jenengmu Durna. Dur – goroh, no – ki
padang. Padange urip nek wes ngapusi
karo caleg-caleg pirang-pirang kae. Ora
sah ndadak ndemok kelawan bapakku
Nayantaka, orasah ndadak nyangking
asmane wong tuaku, Petruk sing ala
dapure, mlarat donyane, ambak ora
nduwe banda, ora nduwe rupa ning iseh
nduwe isen, beda karo dapurmu kui,
merga ngelingana menungsa kakean
bandha, menungsa kakean dunya,
menungsa bagus rupane, ning nek wes ora
nduwe isen kui dudu menungsa, lha kok
kowe ngewak-ewake temen, ealah Durna
.. Durna, yen kowe pancen pada dedeke,
pada kasantosane, pada sugih
kaparawirane aji jaya kawijangan tetere,
bengi iki tanding karo Petruk nadyan to
mung RT rong ndeso aku iki. neng nek aku
gelem muni blusukan tekan kampung, iseh

- menang cangkemku timbangane
cangkemmu, he !
- Bagong : Aja wedi, tenang ae, Petruk ki mung
suarane
- Petruk : Kowe ki jane melu ndi to Gong?!
- Durna : Apa karepmu Petruk?
- Petruk : Lha apa karepmu?! Kawula dangu, sapa
sing miwiti?
- Durna : Yen pancen ngana, tak teter
kadigdayanmu, cilik pada kekuatane
gedhe bisa mateni Begawan Durna, sepira
tanding yudhamu
- Petruk : Ee yen pancen, ra sah neng kene. Ayo
golek prapatan sing amba, aja neng alun-
alun, merga lagek dinggo wayangan. Ayo
yen perlu neng proliman kana, ben
disekseni karo para piyayi-piyayi liwat,
dinggo seksi tugu sing ana proliman kae,
rawe-rawe rantas, malang-malang putung.
Manungsa lek enek dapure kaya dapurmu
ki neteki kisruh iki tampanana .. duarr ..

Sampak laras slendro pathet nem

- Paman : Piye?
- Sengkuni
- Bagong : Ora, aku orapapa, kowe kanca kok
- Paman : Iya
- Sengkuni
- Bagong : Ayo metu kene yo
- Paman : Aku ra tak polo?
- Sengkuni

Bagong : Ora, sing penting lak reti dewe, aku dek wingi mung entuk limalas lo

Semar : Ee ee sedaya gegayuhan ingkeng luhur tertentu wonten perkarane, nadyan ta niat lan karep kasunyatanipun durung dadi kekuatan sing ampuh napa meleh kejujuran, pratela tasih wonten kahanan kados mekaten sinuwun Prabu Puntadewa

Prabu puntadewa : Kakang Semar, aku njaluk ngapura kakang, temene yen tekaku ana kene gawe kisruh lan gawe keruh

Semar : Eee mboten, mboten

Prabu kresna : Kakang Semar ..

Semar : Pripun sinuwun?

Prabu Kresna : Aku nyuwun pamit kakang, aku tak nyusul kelawan si Petruk apa dene Paman Durna, bakal suka katrangan sing gumathok. Sak temene yayi Prabu Puntadewa rawuh mrene sarimbit marang aku, bakal suka katrangan marang kakang Semar. Kakang Semar kaidzinan mboyong pusaka loro cacahé saka negara Amarta wujudé Kalimasada Payung Tunggalnaga, nanging syarate kudu bisa ngupaya wujudé Kembang Jatiwasesa kakang. Ewadene durung rampung, ana lelakone Begawan Durna kang angranggul, mula kakang, iki dadi tanggung jawabku, aku nyuwun pamit, tak pisahe kang pada gandha yudha

Semar : Inggih sinuwun, malah panyuwun kula Prabu Puntadewa sampun ngantos kuatir dateng hee pamundutan kula wau. Sak kuat-kuat kula ajeng kula goleki wonten pundi dununge Kembang Jatiwasesa den .. Sak durunge kundur, mangga kula derekaken sumene sak wetawis, niko rekake kula sak anak-anak kula niki wau mpun cecawis dedaharan, senadyan ta mung sega tiwul, jangan namung lombok ijo cinampur tempe niki dadi ciri khas kula ing Karang Kadempel

Prabu : Iyo-iyo kakang, yen pancen mangkono, Kresna ngestoaken dawuh

Semar : Enggeh .. sak derengipun mangga kula derekaken minggah dateng sanggar pamujan wonten lilane kang Maha Agung paring tuntunan lan hee lumadinipun Semar Nayantaka badhe angupadi dateng Kembang Jatiwasesa

Prabu : Iya-iya kakang, yen pancen ngana aku Puntadewa ngestokaken dawuh kakang Nayantaka

Semar : Nala Gareng

Gareng : Kula ma ..

Semar : Ee sinuwun bakal sarimbit karep munggal sanggar pamujan, mangka diage enggal resikono papan pangibadah kui, aja nganti gawe saru

Gareng : Enggih ma .. ngestoaken dawuh

Semar : Ndara setyaki

Raden : Kakang Semar apa?

Setyaki

Semar : Keparenga sakwetawis, sumene sakwetawis
nggih den .. sukur bage keparenga menggah
wonten mriki, iras pantes kula jaluki tulung
ngreksa katentremane ing Karang Kadempel
Raden : Iya-iya kakang Semar, ngestoake dawuh
Setyaki kakang Nayantaka

Pocapan

Katalika kaya mengkana paripurna pangandikane sang Kyayi
Semar Badranaya, jengkaring sang Nayantaka tumapaking
pada arsa jengkar manjing sanggar palanggatan (sang
Ismaya ara kundur hangedaton ...)

Adegan bedholan

Ladrang ubaya laras slendro pathet nem

Laras pelog pathet nem

Ada-ada ngobong dupa

*Kukusing dupa kumelun
ngeningken tyas sang apekik
kawengku sagung jajahan O..
nanging sanget angikipi
sang reksi Kanekaputra
kang anjog saking wiyati O..*

pocapan

*Katingal sampun gelar baris wadya Ngastinapura, wonten
tapel wates ing Karang Kadempel lamunta cinandra kaya
giris candraning para prajurit*

Iringan garapan (versi pak Warseno Slenk)

Adegan Budhalan

1. *Kartipeya kiprah*
2. *Kartamarma kiprah*
3. *Aswatama ngawe ampyak*
4. *kartipeya ngawe ampyak*
5. *kiprah Dursasana*
6. *kiprah Paman Sengkuni*
7. *Kiprah Durmagati*

Jaranan / kapalan

1. *Kartamarma*

Jejer Candhakan

Ada-ada greget saut nem

*Ridu mawur mangawur-awur wurahan
tengarane ajurit
gung magurugongso O..
kadya teteg butula
wur panjeriting turangga hesthi
rekata ingkang duwaja lelayu sebit O..*

Petruk : Jebul saya suwe-saya suwe ketok anggone
bapak nduwe gegayoan kang gedhe.
Ternyata, saya ketok ngegla bakal akeh
pepalange, rawe2 rantas malang2 putung,
ee tobat .. jebul kurawa nglurung nyang
karang kadempel ora wurug marang
kabecikan nanging malah bakal gawe

daredah kelawan pasulayan, yoooh, nek mung mungsuh karo kurawa ora bakal gigrig wulu salomba, rawe2 rantaas malang2 putung kalakon kurawa tak rampungi

Bagong : Eh truk sek truk

Sampak laras slendro pathet nem

Petruk : Ngapa Gong?

Bagong : Aku arep takon karo kowe

Petruk : Takon apa?

Bagong : apa wes tok petung kanthi genep kanggo nalar yen kowe arep tanding karo kurawa

Petruk : Wes

Bagong : Kowe wani tanding karo kurawa?

Petruk : Wani

Bagong : Tenan?

Petruk : Tenan

Bagong : Nek nganti kowe lara?

Petruk : Ora bakal njaluk sambat sp2

Bagong : Nek nganti kowe mati

Petruk : Tak andemi

Bagong : Mati kowe Truk tak kandani

Petruk : Mati piye to Gong?

Bagong : Kurawa satus kowe mung ijen, ra enek kondange wong iji meang karo wong satus

Petruk : Siji-sijine gandhik, satus satuse genthong, ora enek jenenge gandhik kok kalah karo genthong

- Bagong : Ya mung karek nonton genthonge kok, bener gandhik ki watu, ning lek pada2 genthonge ki watu
Arep ngapa kowe, kowe yen nggugu aku aja wani karo kurawa Truk, pikiren, mergo nek nganti kowe mati, nuwun sewu, mangka mbakyu kui ijek ayu, suarane apik tur ya laris neng campur sari eng ngopeni sapa?
- Petruk : Bareng tak gagas2 bener kowe ki Gong, nek nganti aku tanding karo kurawa mangka aku ijen kurawa satus bener lambemu ora wurung aku kalah Gong
- Bagong : Haiya
- Petruk : Lha trus matuke piye?
- Bagong : Lek nggugu aku ora sah wani karo kurwa, nyo tak ijoli, iki enek duwet sayuta waton kowe aja wani karo kurawa
- Petruk : Oo rekake ngana kowe arep nyogok aku to
- Bagong : Iki ora nyogok truk, saru, mung iki enek duwet sayuta timbang babak bundas ndasmu, luwih becik kowe tak wehi duwet sakyuto kowe balio, amarga nek tenan kowe mengko tanding karo kurawa, bali mung karek aran, bali mung kari ktp
- Gareng : Truk, kowe ki nduwe prinsip, kowe ki tanggung jawab, mangka wes kawetu dimirengke para ratu, nyambut gawe nadyan to kowe ki ala rupamu ala donyamuning ning nuwun sewu, junjungen derajatmu aja doasorke le,

kowe saguh wani tanding karo kurawa nek mung kalah karo Bagong dilimbuk karo bagong, dilinah karo Bagong, ciloko kowe le, mental cap apa koyo ngana kui ki, wani kurawa satus ki upil po.. wani!

- Petruk : Ning aku tetep wani karo kurawa Gong
- Bagong : Iki sakyuta lo truk?!
Iki aku limalas ewu ki takrewangi gontok gontokan karo bolo2 lo truk, kowe sakyuto kok mung karek nampo kok ra gelem
- Gareng : Truk, duwet iso digolek ning nek jeneng ki kudu dieman2, jeneng ki nek wes dicekel, jenang ki mara dewe
- Bagong : Halah kui nek jenang goblok mara dewe, kowe lek nggugu aku sayuta gilo, ngko tak dp sek gilo, lek kowe percaya, wes ta mengko tak tambahi semen sak sak,
- Gareng : Truk aja nganti kena sogokan kyo ngana Truk, kudu prinsip moral mentalitas kudu wani
- Bagong : Truk sakyuto lo truk, Kowe gerong sak wengi ora entuk sak yuta lo truk, kowe lek nggugu aku ..
- Petruk : Wes ora sudi

Sampak laras slendro pathet nem

- Gareng : Bagus .. bagus

Adegan Sumbaran

(Petruk – Kartamarma)

Ada-ada greget saut nem

Cangcut gumregut ngembat watang

Rabasa mungsuh

Sangkep jaja kantaran bahu sayekti

Denga lena prapteng lampus E..

Petruk : Iki nek ra wurung tak disiki omongan, kalah omongan kalah disik aku, amuk sura mrata jaya mrata

Karta : Petruk ..

marmo

Petruk : Ono ngapa ee Kartapeya

Karta : Kartamarmo kok

marmo

Petruk : Kartapeyok kowe

Karto : Haiyo petruk, kowe wani, wani murang tata patrapmu. Nyentulani kelawan sabdane bapa durna iki kartamarma ayonana

Petruk : Oohh nek mung tanding, karo kowe ngebyuka sayuta ngarsa sakethi wuru/maju, ora bakal tinggal glanggang colong playu

Karto : Wedus kok ki

marmo

Bagong : Iki sayuta lo

Petruk : Wes orasah crewet kowe, Bagong jebul dadi mata2ne kurawa

Karto : Ora gelem minggat kelakon pecah marmo mustakamu

Petruk : Oohh ndasku pecah rumah sakit umum Sukoharjo 24 jam bukake

Karta : Wes tok petung kowe wani tanding marmo kelawan Kartamarma

Petruk : Apa sing tak wedeni kelawan bathangmu, lena pangendhamu

Karta : Ah kesuwen

marmo

Sampak laras slendro pathet nem

Perang gagal Gareng Petruk Bagong mengsah Kurawa, Kurawa keseser

1. Gareng tanding kalian Kartamarma
 2. Petruk tanding kalian Kartamarma
 3. Gareng tanding kalian Kartamarma
 4. Petruk tanding kalian Kartamarma perang gaman, Kartamarma keseser
 5. Aswatama tanding kalian Gareng
 6. Aswatama tanding kalian Bagong, Aswatama keseser
 7. Kartipeya lepasan tumbak
 8. Durmagati lepasan tumbak
 9. Kartipeya tanding kalian Gareng, Kartipeya keseser
 10. Kartipeya tanding kalian Bagong, Kartipeya keseser
-

Candhakan

Ada-ada greget saut nem

Tandya bala Pandawa

mbyuk gumulung mangungsir ing sata Kurawa

kambah gung kesru katiti O..

Dursasana : Pripun paman

Paman : Woookkkk

Sengkuni

Dursasana : Enten napa sampeyan niku?

Paman : Bagong kurag ajar, perang gaya lawas kok ditoke, nggilani wong

Sengkuni

Dursasana : Pripun?

Paman : Aswatama kalah, Kartamarma kalah, sing ampuh adimu lanang Kartipeya, Kartipeya mungsuh karo Bagong mung dingge dolanan

Dursasana : Carane pripun?

Paman : Deeweke kon maju bagong moh sumbar malah kon nubruk, hayoh tubruken hayoh tubruken , karti peyo ra kuwat kenek kelawan sumbare bagong, mongko bagong ki cah kurag ajar, gek mburine ki di tutupi plastik ki coba, hahahaha,

Sengkuni : Kartipeya ki mripate lamur, hakok deweke ditantang karo bagong moh maju deke malah nubruk tenan kocap po, bagong mundur sak langkah kartipeyo nubruk jan mak plurut, mangka gek ndek wingi ki lee

hiyuh jan ora umum. gek nganti .. matane ki
apa ora weruh lempung apa dudu

Durasana : Nggilani uwong

Paman : Gobloke ki ra, hiii

Sengkuni

Durasana : Mangkih riyin, mungsuh kaleh sinten?

Paman : Petruk, Gareng kaleh Bagong niku kurang

Sengkuni : ajar, wes tak kei duwet sayuta, lha kok
malah ..

Durasana : Sinten?

Paman : Bagong, dheweke ngglembuk aku,

Sengkuni : sampeyan nek pengen slamet mang keki
duwet sayuta aku petruk tak kei duwite, lha
kok Petruk ora gelem malah gareng sing
muring2

Durasana : Waaah Yen ngaten kurawa mpun kalah

Paman : Kalah plus tambah sak yuta, hahahahaha

Sengkuni : apa duwitku BPKB sing di gadheke

Durasana : Kurang ajar, amuk sura mrata jaya mrata
amuk krubuten aku

Paman : Ladalah, haduh

Sengkuni

Gareng : Nyumbari ingsun kowe ha ..aja ngepel
mustakane ambak cilik ning cilike, dom le,
mentang2 kowe gedhe dhuwur, kalah karo
kowe ngisin isine le .. hayoohh arep ngapusi
aku, hohoo aku ki nggone wong pethut kok
arep tok apusi, hayo majuo leganing atiku,
majuo, maaajuo

Paman : Iki ditantang

Sengkuni

Durasana : Mbten wani kok man
Paman : Lha kowe mau piye
Sengkuni
Durasana : Gareng kula swang mripate mbolak mbalik
Gareng : Piyeeee ?! Piyeeee ?!
Durasana : Mripatmu bolak balik
Gareng : Kok ngerti kowe! ngerti nek mripatku bolak balik kowe, majuo, majuo ..
Paman : Lha kok mung meneng wae ki piye?
Sengkuni
Durasana : Lha sampeyan ki yo ra ngangge petung, ngladeni cah mendem niku kewirangan
Paman : Astaghfirullah hal adzimm .. mendem to iki
Sengkuni mau
Durasana : Enggeh ngaten kok
Paman : Oooooo OO
Sengkuni
Gareng : Majuooo
Paman : Mendem kowe
Sengkuni
Gareng : Mendem ndasmu kui
Paman : We lah kurang ajar iki
Sengkuni
Gareng : Kurang ajar njarak kowe, kowe ngertia hawane panas, anane aku kon maju nyang palagan kon ngorahke kowe ngerti .. wong ora mendem kok diaran mendem bolalik balik mripatku ngene iki kok, wedus gembel iki
Durasana : Tandangi

Paman : Tandangana
Sengkuni
Gareng : Bagong ki wedus kok, ora ndang nyang kene ki
Durasana : Hayooh matii kowe
Gareng : Mati yoben
Durasana : Pecah ndasmu
Gareng : Ndasmu dewe ... Bagong ki wedus kok ora ndang ndang
Durasana : Ing kene margane
Gareng : Marga tirta, marga = dalan, tirta = banyu. dalan banyu ..
Durasana : Wong perang kok mulang, lakon lena pangendhamu cencang jenggot kroncal-kroncal
Gareng : Wes dek ingi, le kroncalan, inng kene margane patimu ora metu-metu wedus .. (kanthi njejak Durasana)

Sampak laras slendro pathet nem

Bagong : Reng
Gareng : Ngapa?!
Bagong : Aku ki urung siap
Gareng : Urung siap mbahmu kui, aku ta rewangi kaya wong mendem durasana mripate mlirak-mlirik wedi no aku, ora kalah akal etok2 aku mendem aku, haa Paman Sengkuni tak ndas ndaske mau, ha aku ngenteni kowe ra metu2 kok

Bagong : Aku ki wetengku suwag yo Reng, wetengku
rong bengi iki ra pati nggenah-nggenaho,
nyedaki itungan kok mung nek mburii aee

Gareng : Wong edan

Sampak laras slendro pathet nem

Candhakan

(Prabu Kresna, Petruk lan Bagong)

Prabu : Petruk

Kresna

Petruk : Apa yayi, yayi Prabu Sri Bathara Kresna,
kowe nimbali pun kakang baladewa ana
